

# DESANM

PREK-KINDERGARTEN

Aprann ansanm  
Sèvi ak aktivite senp sa yo pou amize  
ou epi aprann chak jou!



SEMÈN 1

Eseye jwèt memorization sa a Fè plizyè mouvman—vòltije anwo anba, souke tèt ou, epi frape menw de (2) fwa. Fè timoun ou repete mouvman yo.


Pale de sekans woutin timoun ou fè chak jou. Tankou bwose dan yo. Mande, “Kisa ou fè an premye? Apre sa? Dènye?”



Gade deyò fenèt la ak timoun ou. Kiyès ki ka wè yon zwazo an premye? Pandan wap gade, mande timoun ou pou yo diw kèk bagay yo konnen de zwazo.

Ekri *K*, *J*, ak *L* toutotou bò yon moso papye. Koupe ant chak lèt. Di yon lèt epi fè timoun ou pliye lèt la desann. Kontinye pliye!

Jwenn liv ak karaktè ki soti nan diferan kilti. Li yo ansanm ak pitit ou. Ki jan karaktè yo diferan de ou? Ki jan yo menm jan ak ou?



SEMÈN 2

Pran Ide ou sèn nan liv yo epi jwe yo. Sa se yon meyè moman pouw itilize nouvo vokabilè nan yon liv epi pouw fè yon ti foli ansanm.



Rasanble 4 atik. Di yon nimewo (2, 3, oswa 4). Mande pitit ou pou itilize atik yo pou fè 2 gwoup ki ajoute jiska nimewo ou te di a.

Mande pitit ou pou diw sa yo konnen sou pwason. Chache kèk foto pwason sou entènèt la. Èske ou ka jwenn yon nouvo ak yon reyalite enteresan sou pwason?



Ekri lèt sou moso papye. Di yon lèt. Pitit ou a ranmase lèt la, fè papye a fè yon ti boul, epi jetel nan fatra.

Gen anpil fason pou pratike rekonesans. Pa egzanp, pale de yon bagay ou rekonesan pou li yon fwa pa jou oswa ekri nòt di mèsì.

SEMÈN 3

Mete twa(3) gode tèt anba. Mete yon objè anba yonn nan gode yo. Di pitit ou gade pandan wap deplase gode yo. Mande pitit ou kote objè a ye konya.

Chache 5-10 pè kat nan yon pake kat. Melanje kat yo epi mete yo fas anba. Mande pitit ou pou yo jwenn pè ki mache yo (pa nimero, koulè, eksetera).

Chache foto anfibyen sou entènèt la. Ki anfibyen pitit ou pi renmen? Mande pitit ou pou yo diw sa yo konnen sou anfibyen.



Fè yon devinèt ak lèt. Ekri yon gwo lèt sou yon moso papye. Koupe papye a an sis(6) moso, melanje yo, epi mande pitit ou pou yo mete devinèt la ansanm.

Pratike kijan pou rankontre nouvo moun ak pitit ou. Pa egzanp, salye moun nan dil kijan ou rele epi poze youn(1) ou de(2) kesyon de youn lòt.

SEMÈN 4

Li *Kwak*, *Kwak*, *Kwak*. Pandan wap lil ak pitit ou, mache mo yo ak foto yo. Touche yon foto epi touche di mo ki mache a.



Èske pitit ou ka montre tout gwo ak ti bagay yo wè deyò a? Kiyès ki ka jwenn bagay ki pi gwo a? Kiyès ki ka jwenn bagay ki pi piti a.

Jwenn foto ensèk sou entènèt oswa jwenn youn deyò a. Lèw fin jwenn yon foto oubyen yon ensèk reyèl, mande pitit ou poul di ou sa li konnen sou ensèk.

Di yon mo senp tankou *chat* (cat). Mande pitit ou pou repete son kòmansman /c (ch)/, mitan /a (a)/, ak son fen /t (t)/. Konya, melanje son yo-/c (ch)/ /a (a)/ /t(t)/, *cat* (chat)!

Ki objèktif pitit ou vle reyalize? Ekri objèktif la epi fè yon lis bagay yo pral beswen fè pou reyalize li. Tcheke pwogrè yo regilyèman!

